Règleman sou byennèt fizik nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) konsènan aktivite fizik ak nitrisyon

Janvye 2010

FONDMAN

Nan Lwa sou Nitrisyon timoun ak dezyèm otorizasyon pwogram WIC la, Kongrè Ameriken tabli kondisyon pou distri lekòl k ap patisipe nan pwogram manje lekòl gouvènman federal finanse pou devlope, epi aplike yon règleman sou byennèt fizik. Règleman sou byennèt fizik la dwe gen ladan objektif pou edikasyon sou nitrisyon ak aktivite fizik, epi gid k ap ankouraje elèv yo viv ansante epi diminye obezite kay timoun.

Dokiman sa a prezante règleman DOE pou viv ansante. Règleman sa a fèt pou bay elèv definisyon mo “lasante” ak pou ankouraje byennèt fizik yo, pandan l ap konsidere kèk priyorite ki prezante ansanm, ak lajan ki disponib. DOE fè epi kontinye fè elèv, paran, pwofesè, pwofesyonèl nan sèvis manje, pwofesyonèl medikal, ak lòt manm kominote ki enterese nan devlopman ak revizyon règleman an angaje yo pou konsidere lasante ak byennèt fizik yo.

BWOUYON

T&I11833(Haitian Creole)

ENTWODIKSYON

NYCDOE pran angajman ofri yon anviwònman lekòl ki ankouraje ak pwoteje sante, byennèt, ak aptitid elèv yo pou aprann lè l ankouraje yo fè aktivite fizik ak manje manje ki bon pou lasante. Kidonk, DOE ap :

- Ede tout lekòl yo lè li bay tout elèv opòtinite fè egzèsis fizik regilyèman.
- Fè sèten manje ak bwason yo vann oswa sèvi nan lekòl yo satisfè rekòmandasyon sou nitrisyon *U.S. Dietary Guidelines for Americans.*
- Fè sèten manje elèv yo manje nan lekòl yo ofri elèv yo posiblite genyen divès kalite manje ki pa chè, nourisan, epi ki gen bon gou ki satisfè bezwen sante ak nitrisyon.
- Fè sèten yo mete elèv yo nan yon anviwònman pwòp, bon kondisyon ijyèn, ak lè apwopriye pou yo manje.
- Patisipe nan pwogram federal pou manje ki disponib nan lekòl la (sa gen ladan l pwogram ti dejene lekòl, pwogram nasyonal dejene nan lekòl [sa gen ladan l kolasyon apre lekòl], pwogram sèvis manje pandan ete, pwogram fwi ak legim ak pwogram manje pou swen timoun ak adilt [avèk soupe tou]).
- Ofri enfòmasyon osijè nitrisyon ak edikasyon fizik pou ankouraje abitid manje manje ki bon pou sante ak aktivite fizik pandan lontan. Tabli rapò ant edikasyon sou sante ak pwogram manje nan lekòl, ak ajans sèvis kominotè ki kolabore yo.

REGLEMAN ESPESIFIK

1. Komite pou Byennèt fizik nan Lekòl

DOE ankouraje lekòl yo mete sou pye oswa travay avèk komite pou byennèt fizik ki deja ekziste nan lekòl la pou kontwole règleman ak pratik sou nitrisyon ak aktivite fizik nan lekòl. Komite yo ka gen paran, elèv, anplwaye responsab pwogram manje nan lekòl, administratè lekòl, pwofesè, pwofesyonèl medikal, ak moun nan kominote a (tankou òganizasyon kominotè k ap kolabore) ladan yo. Wòl Komite a se bay konsèy; men se direktè lekòl la ki pran desizyon final pou mete yo an pratik.

2. Kalite Nitrisyon Manje *SchoolFood*

<u>Manje *SchoolFood* yo ann akò avèk Pwogram nasyonal manje nan lekòl</u>

Manje *SchoolFood* sèvi nan Pwogram nasyonal tidejene nan lekòl *National School Breakfas*t (NSB), dejene *National School Lunch* (NSL), ak ti goute apre kou ak soupe ap :

- Satisfè kondisyon lokal, leta ak federal pou ranbousman.
- Redui kantite grès nan manje yo dapre rekòmandasyon sa yo :
  - Yo pa p mete plis pase 30% grès kòm total kalori pou yon semenn.
  - Yo pa p mete plis pase 10% grès satire kòm pou yon semenn.
  - Y ap mete kantite lwil ki idwojene dapre règleman sou dyèt regilye.

BWOUJYON

- Mete mwens sèl ak kolestewòl.
- Mete pi piti kantite siwo mayi ki gen anpil friktoz, avèk objektif pou elimine siwo mayi ki gen anpil friktoz nan tout pwodui yo.
- Ofri ak ankouraje timoun yo manje fwi fre ak plizyè kalite legim chak jou.
- Ofri epi ede entwodiksyon antre ki baze sou plant.
- Ofri twa (3) kalite lèt ki pa gen anpil grès:
  - Ti kras grès (1%),
  - San grès, ak
  - Lèt ki gen chokola ki pa gen grès.

  Eksepsyon: Kèk popilasyon elèv espesyal(sa vle di edikasyon espesyal) ka pran lèt antye

Lis bagay nourisan ki nan manje yo sèvi chak jou ak tigoute lejè yo disponib sou sit wèb SchoolFood nan http://www.opt-osfns.org/osfns.

Sèvis Pwogram yo

Tidejene - Pou satisfè bezwen nitrisyon elèv yo epi pou pwouve avantaj tidejene ki bon pou lasante, SchoolFood ankouraje elèv yo patisipe nan pwogram tidejene nan lekòl la.

- Y ap toujou kontinye ofri tout elèv ki nan lekòl leta nan vil Nouyòk tidejene gratis.
- Gen yon lòt chwa tidejene ki rele "*Grab-and-Go*" oswa dejene nan salklas ki disponib nan lekòl k ap chèche lòt mwayen pou ofri elèv yo repa ki bon pou lasante pou yo kòmanse jounen lekòl la.

Manje midi - *SchoolFood* ofri elèv yo yon chwa dejene varye ki fèt pou satisfè nòm ofisèl nitrisyon an.

- SchoolFood ap travay pou ofri nouvo chwa manje ki bon pou lasante pou yo itilize nan meni yo.

Meni –Yo evalye nouvo manje ak bagay ki nan meni an pou idantifye chwa manje ki bon pou lasante epi ki gen bon gou selon:

- Evalyasyon bagay nan kwizin tès SchoolFood anvan yo sèvi yo nan lekòl yo,
- Evalyasyon bagay nan kèk lekòl yo chwazi epi pou jwenn opinyon elèv kliyan yo anvan yo fè piblisite pou pwodui a pi plis.
- Evalyasyon bagay elèv yo renmen ak bagay yo pa renmen dapre dosye prodiksyon

Yo afiche meni an nan kafeterya lekòl la ak sou sit wèb SchoolFood chak mwa. *http://www.opt-osfns.org/osfns.*

BWOUYON

Manje ak bwason yo vann oswa sèvi andeyò pwogram NSB ak NSL
[*](*vending machine*, tigoute lejè ke w ka achte apa *A La Carte*, boutik lekòl la, kwizin lekòl la, elatriye.)

Apati septanm 2009, se sèlman manje ak bwason ki satisfè règleman *SchoolFood* DOE yo ka vann pandan lekòl la ap fonksyone. *Lis SchoolFood* la pa p genyen bagay Lwa Eta a ak Lwa federal entèdi.

Enfòmasyon sou pwodui ti goute lejè SchoolFood apwouve yo, engredyan, kantite pòsyon ak lòt enfòmasyon disponib sou sit wèb SchoolFood la. *http://www.opt-osfns.org/osfns.*

Nòm pou espas timoun lekòl ka gen aksè

Lekòl primè ak Lekòl presegondè

Pozisyon machin yo	Pwodui yo pèmèt	Limit kalori	Limit gwosè pòsyon
Zòn kote elèv gen aksè	Dlo	Pa disponib	Okenn
	Bwason ki pa gen anpil kalori san gou ak koulè atifisyèl	10 kalori pou 8 oz.	Okenn

Lekòl Segondè

Pozisyon machin yo	Pwodui yo pèmèt	Limit kalori	Limit gwosè pòsyon
Zòn kote elèv gen aksè	Dlo	Pa disponib	Okenn
	Bwason ki pa gen anpil kalori san gou ak koulè atifisyèl	25 kalori pou 8 oz.	Okenn

REMAK: Y ap kite yo vann bwason ki gen kafeyin nan lekòl segondè. Y ap kite yo vann bwason gazez nan lekòl segondè ak lekòl presegondè (klas 6yèm jiska 8yèm ane) ak (klas 6yèm jiska 12yèm ane). Yo p ap pèmèt vann bagay pou bwè ki gen kafeyin ak kaboidrat nan lekòl primè (lekòl ki gen klas Jandendan jiska klas 5yèm ane, Jadendanfan jiska klas 8yèm ane ak lekòl ki gen klas Jadendanfan jiska klas 12yèm ane).
Lekòl ka vann bwason gazez pou itilize nan Pwogram Manje Lekòl, si bwason sa yo nan lis USDA bay dispans pou vann yo. *Link* anba a gen lis tout bwason ki aktyèlman nan lis sa a. Si yon izin panse pwodui yo fabrike yo ranpli kondisyon kalifikasyon USDA, n ap ankouraje yo kontakte USDA pou yo ka ajoute yo nan lis bagay yo dispans pou yo a.
http://portal.nysed.gov/portal/page/pref/CNKC/IntDocs/Exemptions%20Under%20the%20Competitive%20Food%20Regulation%20List.pdf

Nòm pou espas timoun lekòl pa ka gen aksè
(tankou sal pwofesè, biwo administrasyon)

Machin distribitè bwason nan biwo administratif yo ak nan espas pwofesè yo gen aksè (tankou sal pwofesè ak lòt espas kote elèv pa ka ale) dwe konfòme yo avèk nòm vil la pou machin distribitè bwason pou adilt, kòm vil la kapab chanje nòm yo detanzantan depi l vle.

[*] Pou sa ki gen pou wè ak *vending machines* ki vann manje ak acha manje ke yo vann nan boutik lekòl yo, règleman sa a ap efektif apati moman yo avize direktè yo ke biwo santral DOE a gen yon kontra pou achte bagay pou manje.

Gid pou vann manje ak ti goute lejè nan lekòl la

Objektif *SchoolFood* se ankouraje elèv yo pran abitid manje manje ki bon pou sante lè li diminye oswa elimine kantite grès, *transfat*, kolestewòl ak kantite sodyòm nan ti goute lejè yo. Yo chanje fòmil anpil ti goute lejè moun renmen anpil pou satisfè nòm ofisyèl avanse sou nitrisyon.

Règleman Chanselye a sou *Competitive Foods* (CR A-812) disponib nan: *http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-41/A-812.pdf*

Bagay yo Apwouve – Se sèlman manje yo apwouve yo kapab vann elèv nan machin distribitè yo, boutik lekòl yo, ak/oubyen aktivite pou ranmase lajan *fundraising* pandan lè ki pa lè manje depi kòmansman jounen lekòl la jiska 6è 00 PM, jou semèn, avèk yon eksepsyon ki limite pou *fundraising* PA/PTA (Règleman Chanselye A-812, Seksyon I, Paragraf "H"). Y ap pèmèt fè pandan jounen lekòl aktivite elèv pou ranmase lajan nan vann bagay yo apwouve pou manje ak bwè andeyò kafeterya a (CR A-812, Seksyon I, Paragraf "G"). Yo ka vann pandan tout jounen bwason yo apwouve.

Apati Septanm 2009, men nòm nitrisyon yo apwouve pou ti goute lejè ak bwason:

- Kantite maksimòm grès se 35 % total kalori (eksepte nwa ak manba)
- Mwens pase 10% kalori nan grès satire
- 0.5 gram *transfat* oswa pi piti
- Mwens pase 35% kalori nan sik (eksepte pwodui ki fèt ak fwi san yo pa ajoute sik)
- Mwens pase 200 kalori total
- Kantite sodyòm pa dwe plis pase 200 mg pou chak pòsyon manje.
- Pwodwi ki fèt ak grenn dwe gen omwen 2 gram fib pou chak pòsyon manje.
- Yo bay dispans pou pwodwi ki fèt ak fwi sèk ansanm ak nwa, pistach, zanmann elatriye, pa gen kantite total grès yo mande pou lòt pwodwi yo.

Yo ka kontakte *SchoolFood* pou pwopoze lòt bagay pou ajoute nan lis esnak pou apwouve, nan adrès *SchoolFood*, Food Support Unit, NYC Department of Education, Attn: Ms. Lorraine Burke, 44-36 Vernon Blvd – Room 413, L.I.C., NYC 11101/Telefòn : 718-707-4249 oswa nan imèl : Lburke@schools.nyc.gov.

Bagay yo entèdi – Lekòl pa ka vann elèv bagay sa yo nan machin distribitè yo, nan boutik lekòl yo, nan aktivite *fundraising* elèv yo ak/oubyen nan lòt aktivite *fundraising* lekòl la depi kòmansman jounen lekòl jiska 6è00 PM jou semèn.

- Chiklèt
- Sirèt (ladan sirèt di, jele, sirèt *marshmallow*, fondan, sirèt ki gen reglis, sirèt file, ak *popcorn* ki gen karamèl sou li)
- Desè konjele ki pa gen fwi oswa ji fwi
- Bagay atifisyèl pou sikre manje.

Gen yon lis esnak ki satisfè kritè DOE ki disponib sou sit *SchoolFood* la nan : *http://www.opt-osfns.org/osfns.* Al gade nan Règleman Chanselye A-812 pou plis enfòmasyon.

BYOUYON

3. Edikasyon ak Piblisite sou Nitrisyon

SchoolFood ap travay nan tout lekòl leta nan vil Nouyòk pou kenbe kolaborasyon efikas avèk manm kominote lekòl la. Nan reyinyon avèk asosye yo, SchoolFood diskite sijè ki gen rapò avèk nitrisyon ak pwogram sèvis manje nan lekòl la. Y ap bay enfòmasyon sou nenpòt aspè pwogram SchoolFood la depi yo mande. SchoolFood ap ankouraje direktè mande elèv nan divès klas, direktè a oswa reprezantan l, kowòdonatè paran, enfimyè lekòl la, ak manadjè *SchoolFood* la patisipe nan reyinyon onivo Patnarya. Manm onivo Patnarya yo ap kolabore pou ankouraje kominikasyon ant *SchoolFod* ak kominote lekòl la.

Konsèy pou byennèt fizik ap travay avèk Patnarya onivo *SchoolFood* pou ankouraje ak kontwole règleman sou aktivite fizik ak nitrisyon ak pwogram yo nan pwòp lekòl yo. Gwoup sa a ap sèvi kòm yon resous pou administrasyon lekòl la pou egzekisyon règleman sa yo.

Office of Fitness and Health Education ap konsidere pou sipòte efò sa yo, edikasyon nan domèn nitrisyon nan trening pou fòmasyon pwofesyonèl pou kourikolòm konplè sou edikasyon nan domèn sante Depatman an rekòmande, *HealthTeacher* (pou klas matènèl rive 5yèm ane) ak *HealthSmart* (pou klas 6yèm rive 12yèm ane).

Kominikasyon avèk paran

DOE ankouraje pou lekòl ede paran yo nan efò y ap fè pou ofri pitit yo manje ki bon pou sante ak aktivite fizik chak jou. Lekòl yo ka òganize seminè pou paran yo sou manje ki bon pou lasante, voye enfòmasyon sou manje ki nourisan lakay yo, konsèy pou apre nitrisyon sou sit wèb lekòl la, epi analize bagay ki nourisan nan meni lekòl la. Lekòl yo ka ankouraje paran yo pou yo bay pitit yo dejene ak ti goute lejè ki bon pou lasante epi pou evite bay timoun yo bwason ak manje ki pa satisfè nòm ofisyèl manje nourisan ki endike pi wo a pou elèv ki pote manje ak bwason pa yo. Lekòl la dwe bay paran yo yon lis manje ki satisfè nòm DOE ak sijesyon sou manje ki bon pou lasante lè y ap òganize aktivite selebrasyon/fèt ki bon pou sante, rekonpans ak ranmasaj lajan. Answit, lekòl la ka ofri opòtinite pou paran yo pataje pratik manje ki bon pou sante yo avèk lòt paran ki nan kominote lekòl a.

DOE ankouraje lekòl yo bay enfòmasyon sou edikasyon fizik ak lòt aktivite fizik yo fè nan lekòl la anvan, pandan ak apre jounen lekòl la; epi pou sipòte efò paran yo pou ofri pitit yo opòtinite pou yo fè aktivite fizik andeyò lekòl la. Sipò sa yo ka gen ladan pataj enfòmasyon sou aktivite fizik ak edikasyon fizik sou sit wèb, bilten nouvèl, oswa dokiman pou pote lakay, aktivite espesyal, oswa devwadmezon sou edikasyon fizik.

4. Opòtinite pou fè Egzèsis ak Edikasyon fizik

Edikasyon fizik chak jou pou Matènèl rive klas 12yèm ane

DOE ankouraje direktè lekòl yo pou yo ofri kou edikasyon fizik chak jou (oswa yon lòt orè pou satisfè kondisyon Leta Nouyòk) pou elèv ki nan jadendanfan jiska klas12yèm ane, li gen ladan tou elèv ki gen andikap, elèv ki gen bezwen espesyal onivo medikal, epi nan anviwònman edikasyon altènatif. Apati ane 2007-2008, ranpli kondisyon ki nan lis NYSED pou edikasyon fizik fè pati lis obligasyon Direktè lekòl *Principal's Compliance Checklist.* Lè l posib, yon pwofesè edikasyon fizik sètifye oswa yon pwofesè ki espesyalize nan edikasyon fizik ap anseye edikasyon fizik. Elèv yo dwe pase omwen 50% tan kou edikasyon fizik la ap fè aktivite fizik modere pou rive nan aktivite fizik solid

Brouillon

Kourikoulòm - DOE pran angajman pou itilize yon pwogram etid sou kondisyon fizik, tankou *Physical Best*, nan tout lekòl li yo.

Evalyasyon - DOE adopte NYC FITNESSGRAM (selon Cooper Institute's FITNESSGRAM) kòm metòd ofisyèl pou evalye kondisyon fizik elèv ki gen rapò avèk sante yo. Nou atann pou tout lekòl mete NYC FITNESSGRAM nan pwogram edikasyon fizik yo. Apati ane 2007-2008, patisipasyon nan NYC FITNESSGRAM fè pati lis obligasyon Direktè lekòl yo.

Elèv ak paran resevwa rapò ki enprime sou rannman elèv yo nan NYC FITNESSGRAM.

Aktivite fizik

Entwodiksyon aktivite fizik nan salklas – Pou pèmèt elèv yo fè 60 minit aktivite fizik yo rekòmande nan peyi a chak jou, yo dwe ba yo opòtinite pou fè aktivite fizik andeyò kou edikasyon fizik yo. Pou reyalize sa, nou ankouraje direktè lekòl yo pou :

- Ofri kou edikasyon sou lasante nan salklas yo pou konplete edikasyon fizik la lè yo ranfòse konesans ak aptitid pou kontwole pwòp tèt yo ki nesesè pou mentni yon jan yon viv ki pèmèt yo fè aktivite fizik epi pou diminye tan y ap pase nan aktivite san fè mouvman, tankou gade televizyon.
- Ofri opòtinite pou fè aktivite fizik kòm eleman lòt leson matyè .
- Fè pwofesè ki nan salklas yo pran ti pòz kout pou fè aktivite fizik nan mitan leson yo ak kou yo , jan li apwopriye

Biwo pou byennèt fizik ak edikasyon sante toujou ap ofri opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl pou fòme pwofesè salklas yo pou yo rantre aktivite fizik nan ansèyman y ap bay chak jou a.

Pòz chak jou – Anplis tan nan salklas la pou edikasyon fizik, DOE ankouraje direktè lekòl yo pou yo bay elèv lekòl primè yo omwen 20 minit chak jou pou pòz sipèvize, nan lakou lekòl la, kote ekip la ap ankouraje aktivite fizik modere pou rive nan aktivite fizik akselere kote ki gen espas ak ekipman apwopriye yo ofri pou sa. Règleman DOE endike gen pèmisyon pou jwèt sou lakou lekòl la kèlkeswa tanperati a, lè kondisyon metewolojik la apwopriye pou sa.

Opòtinite pou fè aktivite fizik anvan ak apre lekòl – DOE ankouraje tout lekòl primè, lekòl pre-segondè ak lekòl segondè pou ofri pwogram aktivite fizik anplis pwogram akademik regilye lekòl la, tankou *club* aktivite fizik ak pwogram ant elèv ki nan menm lekòl. Yo ankouraje tout lekòl segondè ak lekòl presegondè pou ofri pwogram espò entèskolè tou.

DOE rekòmande lekòl yo tou pou ofri divès kalite aktivite ki satisfè bezwen, enterè ak aptitid tout elèv, avèk tou tigason, tifi, elèv ki gen andikap ak elèv ki gen bezwen swen medikal espesyal.

Pwogram gadri ak pwogram ranfòsman *enrichment* apre lekòl sipoze ankouraje peryòd aktivite fizik modere chak jou jiska aktivite fizik ki mande anpil enèji pou tout patisipan yo nan tout limit posib.

Aktivite Fizik ak Pinisyon - Pwofesè ak lòt manm pèsonèl lekòl ak kominote a pa ta dwe itilize aktivite fizik (tankou kous apye, *pushups)* oswa opòtinite retni pou aktivite fizik (tankou poz, edikasyon fizik) kòm pinisyon.

BROUYON

Itilizasyon lokal lekòl nan lè ki pa lè lekòl

Yo ankouraje direktè lekòl yo pou yo mete lokal lekòl yo adispozisyon elèv pou lekòl la òganize aktivite pou ankouraje elèv li yo fè aktivite fizik lè pa gen lekòl. Si gen posiblite pou sa fèt, DOE ap ankouraje lekòl yo mete lokal ak ekipman adispozisyon ajans ak òganizasyon kominotè ki ofri pwogram aktivite fizik ak nitrisyon epi ki vle peye frè pou netwayaj ak sekirite. Yo dwe respekte toutan règleman lekòl yo osijè sekirite. Yo dwe aplike tou CR D-180 sou "Fason yo itilize Bilding lekòl lè pa gen lekòl *Extended Use of School Buildings*".

5. Byennèt fizik Anplwaye Lekòl la

DOE ankouraje anplwaye lekòl li yo pou yo viv yon jan pou yo ka rete ansante. Yo ankouraje chak direktè lekòl travay avèk yon gwoup anplwaye pou devlope, ankouraje epi sipèvize yon plan ki gen plizyè aspè pou ankouraje lasante ak byennèt fizik anplwaye yo. Plan an ta rezime fason pou ankouraje manje ki bon pou sante, aktivite fizik ak lòt bagay pou yon mòdvi ki bon pou sante.

6. Kontwòl ak Revizyon Règleman

Nan chak lekòl, direktè a oswa reprezantan li ap garanti respè règleman sou byennèt fizik ak CR A-812, epi l ap voye rapò ba manadjè DOE ki apwopriye sou fason lekòl la respekte yo . Answit, *SchoolFood* ak Biwo pou Aktivite Fizik ak Edikasyon Sante *The Office of Fitness and Health Education* ap ofri sèvis sa yo:

- *SchoolFood* ap travay avèk Depatman sante lokal, òganizasyon pou ede kominote a, ak kominote edikasyon pou evalye ak pou ankouraje akseptasyon elèv yo nan pwogram NSB ak NSL.
- *SchoolFood* ap kontinye itilize lojisyèl USDA apwouve pou kontwole konfòmite meni sik ak pwogram ti goute lejè avèk règleman ak estanda nitrisyon federal, eta ak lokal.
- Y ap kolekte atik meni yo, analize yo ak evalye yo oaza pou verifye ke yo konfòm avèk espesifikasyon *SchoolFood*.
- *SchoolFood* ap kontinye patisipe nan aktivite manje lekòl la omwen yon fwa chak senkan oswa jan NYCDOE vle l .
- Biwo Santral Byennèt fizik ak Edikasyon nan domèn Sante DOE *The DOE Central Office of Fitness and Health Education* ansanm avèk Biwo Sèvis pou Aplikasyon règleman *Office of Compliance Services* ap suiv patisipasyon nan aktivite yo rekòmande ki ann akò ak gid aktivite fizik ak edikasyon fizik, epi l ap fè yon rapò sou patisipasyon lekòl la ba Chanselye a ak ba Komite pou Règleman sou Edikasyon an *Panel for Educational Policy*(PEP). Biwo Santral pou Egzèsis Fizik ak Edikasyon Sante ap ofri asistans teknik anplis ak sipò pou lekòl yo sou ogmantasyon nivo patisipasyon yo nan aktivite yo rekòmande dapre gid sou byennèt fizik ak edikasyon fizik yo.

Evalyasyon Règleman

An 2010 DOE ap devlope yon rapò detaye sou pwogram nitrisyon ak aktivite fizik li a ki ekziste kounye a. Y ap itilize done ki sòti nan rapò sa a pou rekòmande chanjman nan règleman sou byennèt fizik, epi done yo ap sèvi kòm baz pou efò alavni. Rapò sa a y ap fè chak twazan ap pèmèt yo evalye valè règleman ki ekziste yo epi konsantre sou domèn kote yo bezwen fè lòt efò pou aplike yo.

REVISION

Kesyon

Ou dwe voye kesyon sou Règleman onivo Byennèt fizik nan:

Office of School Health
2 Lafayette Street, 22nd Floor CN-25
New York, NY 10007
212-442-3357 (telefòn)
212-513-0207 (faks)

Wellness@schools.nyc.gov

BWOUYON